# BASLAWÍSH KLASS OQÍWShÍLARÍNÍŃ KRITIKALÍQ PIKIRLEWIN RAWAJLANDÍRÍWDÍŃ TIYKARǴI FORMALARÍ

**G.B.Babasheva** – *pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** tanqidiy fikrlash, qiziquvchanlik, chidamlilik, mashqlar, mustaqil fikrlash, fikrlash kengligi, fikrlash chuqurligi, juftlik bilan ishlash, o'rganishning emotsionalligi, diqqat barqarorligi.

**Ключевые слова:** критическое мышление, любознательность, выносливость, упражнения, самостоятельное мышление, широта мышления, глубина мышления, работа в парах, эмоциональность обучения, устойчивость внимания.

**Keywords:** critical thinking, curiosity, endurance, exercises, independent thinking, breadth of thinking, depth of thinking, pair work, emotionality of learning, stability of attention.

Házirgi dáwir talabına muwapıq zamanagóy mektep tek ǵana bilimge iye shaxstı tárbiyalap qoymastan, bálkim sol bilimlerden turmısta paydalanıwdı da biletuǵın, mádeniyatlı, keń pikirli, tereń oylı shaxstı da tayarlawı tiyis. Bul jerde tiykarǵı maqset oqıwshınıń múmkinshiligi barınsha kóp biliwde emes, al, olardıń hár qanday jaǵdayda da háreket ete alıwı hám mashqalalardı sheshe alıwı bolıp tabıladı. Buǵan erisiw ushın sóylew mádeniyatı hám baylanıs mádeniyatı rawajlanıwı tiyis bolıp esaplanadı.

Kritikalıq pikir júritiwde sóylewdiń mánisi, qáliplesiw mexanizmleri hám ulıwma nızamlıqları túsinigi kishi jastaǵı oqıwshınıń oqıw aktivligin rawajlandırıwdı belgileytuǵın tiykarǵı faktor bolıp tabıladı. Sol kózqarastan, bala rawajlanıwı ushın shárt-shárayatlardıń parametri retinde kórkem ádebiyatqa baylanıslı oqıw sabaqlarında kishi jastaǵı oqıwshınıń sóylewin rawajlandırıwdı esapqa alıwımız lazım.

Balalarǵa bilim beriw hám tárbiyalawdıń tiykarǵı strukturalıq bólimlerinen biri izbe-iz sóylewdi rawajlandırıw bolıp tabıladı. Kópshilik ilimpazlar (filologlar, filosoflar, psixologlar, sociologlar, oqıtıwshılar) sóylew mádeniyatınıń ulıwma dárejesiniń tómenlewinen qáweterde. Sol sebepli til kompetenciyasın qáliplestiriw boyınsha sistemalı islerdi alıp barıw zárúr.

Házirgi waqıtta mektep oqıwshılarınıń sóylewin rawajlandırıwdıń ulıwma tendenciyaların anıqlaw, pánleraralıq dárejedegi sóylewdi rawajlandırıw ideyası tiykarlanadı hám máseleler anıqlanadı. Sóylew baylanısı, mektep oqıwshılarınıń til kompetenciyasın qáliplestiriwdiń múmkin bolǵan usılları anıqlandı, sóylewdiń monolog hám dialog formaları analizi usınıs etiledi, kishi jastaǵı mektep oqıwshılarınıń izbe-iz awızeki hám jazba sóylewin qáliplestiriwdiń psixologiyalıq sıpatların ashıp beriwi názerde tutılǵan.

Bul kórinislerdiń barlıǵında oqıwshılarǵa kritikalıq pikir júritiw waqtında izbe-iz sóylewdi úyreniw, olarda sóylew aktivligin rawajlandırıwdıń tiyisli usılları, forma hám qurallarǵın izlew, zamanagóy talaplarǵa juwap beretuǵın aktual máselelerden biri bolıp tabıladı. Balalar óz ana tilinde sóylew arqalı kritikalıq pikir júritiwdi iyeleydi. Sol sebepli balalardıń izbe-iz sóylew aktivligin asırıw, óz pikirlerin jetkeriw ushın sharayat jaratıw júdá zárúr bolıp tabıladı.

Balalarda kritikalıq pikir júritiwdi qáliplestiriw procesinde olardıń sóylew aktivligin rawajlandırıw, individuallastırıw shártlerin anıqlaw ushın ilimiy tiykarlanǵan shárt-shárayatlardıń jaratılıwına múmkinshilik beriw kerek. Biraq, ámeliy isler, mashqalaǵa qızıǵıwshılıq artıp baratırǵanına qaramastan, kishi jastaǵı balalar sóylewiniń rawajlanıw dárejesiniń jetkilikli emesligin kórsetpekte. Demek, olarda kritikalıq pikir júritiwge bolǵan qızıǵıwshılıqları da tómenlep baratırǵanday seziledi. Sonıń ushın óz pikirin jetkeriwdi rawajlandırıw boyınsha zamanagóy hám stilistikalıq tárepten jaqsı islengen jumıslar úlken áhmiyetke iye.

Oqıw sawatxanlıǵı sabaqlarında awızeki sóylewdi rawajlandırıw ústinde islew, oqıwshılardaǵı kritikalıq pikirlewdi rawajlandırıw usıllarınan biri bolıp tabıladı. Bul tarawda rus mekteplerinde kórkem oqıw boyınsha maqsetke muwapıq islengen sabaqlıqlarǵa úlken itibar beriledi.

Insan pútkil omiri dawamında sóylewdi hám ol arqalı kritikalıq pikirlewdi rawajlandırıp baradı, til baylıǵın iyeleydi. Tildiń baylıǵı qanshelli dárejede tolıq ózlestirilse, insan onnan qanshelli dárejede erkin paydalansa, onda tabıslı úyrenedi. Bala ushın sóylewdi rawajlandırıwdıń jeterli dárejesi tabıslı úyreniwiniń gilti bolıp tabıladı. Házirgi basqıshtaǵı tálim mazmunı mektep oqıwshılarınıń izbe-iz awızsha hám jazba sóylewin rawajlandırıw arqalı olardıń kritikalıq pikirlewine jol ashıp beriwden ibarat. Oqıwshılardıń sóylewi olardaǵı sheklengen sóz baylıǵı, pikirler izbe-izligi hám baylanıstıń qıyınlıǵı menen ajıralıp turadı. Bunday oqıwshılar barlıq oqıw pánlerinde qıyınshılıqlarǵa dus kele beredi.

Awızsha gúrrińler processleri jeke tásirler hám baqlawlarǵa tiykarlanadı. Jumıstı tómendegi joba boyınsha alıp barıwımız múmkin:

Jumıstıń teması:

Maqseti:

Oqıtıwshı tárepinen berilgen gúrriń rejesin dawıs shıǵarıp oqıw yamasa rejeni jámáát bolıp dúziw:

1. Joba boyınsha gúrriń rejesin dúziw:
2. Rejege muwapıq baylanısqan gúrrińlerdi tańlaw.

Bul tarawda oqıwshılardıń kritikalıq pikirlerin syujetli súwretlerden paydalanıw arqalı da rawajlandırıwımız múmkin. Bunday jumıslar tómendegi joba boyınsha alıp barıladı:

1. Klass jámááti aldına jumıs maqsetin qoyıw.
2. Súwretlerdi tekseriw hám syujet penen túsiniw.
3. Súwretler ushın baslı belgilerdi oylap tabıw.
4. Joba boyınsha awızsha gúrrińlerdi shólkemlestiriw.

Bir súwretke tiykarlanǵan birinshi kompoziciyalar awızsha hám sáwbetten aldın bolıwı kerek. Súwrettiń

xarakteristikası jazıwdıń eń qıyın forması bolıp tabıladı. Ádetde ol joqarı klasslarda alıp barıladı, lekin ol 4-klassta da qabıl etiledi (2-3-klaslarda súwrettiń ayırım elementlerin xarakteristikalawı múmkin. (Efrosinina LA). Oqıwshılarǵa pikirdiń izbe-izligin jaratıw keskin qıyınshılıq payda etpeydi. Qayta sóylep beriwde olar óz pikirlerin izbe-iz hám tolıq ańlata almaydı. Uzaq sóylewdiń qáliplespegenligi programma materialın tabıslı ózlestiriwge tosqınlıq etedi. Gumanitar pánlerde óz pikirin anıq jetkeriw qábiletin qáliplestiriw boyınsha tómendegishe jumıs alıp barıwı múmkin. Esitken waqıya izbe-izliginde berilgen sorawlar, háreketler, tema súwretleri tiykarında esitilgen zatlardı qayta aytıp beriw arqalı, keyinirek siz balalardı waqıya izbe-izligin anıqlawǵa úyretiwińiz kerek. Gúrrińniń bólimleri, onıń rejesin dúziń hám joba tiykarında qayta aytıp beriw, balalardıń oyda sáwlelendiriwin, dóretiwshilik, kritikalıq pikirlewdi rawajlandırıw, tapsırmada gúrrińniń ayırım bólimlerinde (bası, ortası hám aqırı) tákirarlawdı óz ishine aladı. Oqıwshılar esitkenleriniń mazmunın izbe-izlik penen jetkeriwdi úyrengeninen keyin, biz olardı tańlap qayta gúrriń dúziwge úyretemiz. Bul túrdegi jumıs ulıwmalastırıw hám pútkil tekstten eń zárúrli zattı tańlaw qábiletin talap etedi.

Oqıw sawatxanlıǵı sabaqlarında baslawısh klass oqıwshıların kritikalıq pikirlewge tayarlawdıń ózine tán psixologiyalıq ózgeshelikleri bar. Bul haqqında belgili psixolog A.N.Leontev insan xızmetiniń psixikalıq hám ámeliy formalarınń barlıǵın, bala sanasın áyne oqıw aktivliginde artıp baratuǵınlıǵın aytıp ótedi.

D.B.Elkonin bolsa balalardaǵı oqıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıqlardıń basımlıǵın kórsetip, onıń mánis-mazmunı menen formasınıń sociallıǵın aytıp ótedi.

Tálim procesi tómendegi elementlerdi óz ishine aladı:

1. Tálimniń maqseti – ne ushın oqıtıw kerek;
2. Tálimniń mazmunı – neni oqıtıw kerek;
3. Tálimniń metodları, usılları hám pedagogikalıq baylanıs jolları;
4. Tálim beretuǵın (oqıtıwshı) hám tálim alıwshı (oqıwshı).

Tálimniń psixologiyalıq tiykarǵı mashqalası kóplegen máselelerdi qamtıp aladı. Tálimniń tabısı bir qatar psixologiyalıq faktorlarǵa baylanıslı boladı. Áwele, oqıwshınıń oqıwǵa bolǵan múnásibetine toqtalayıq.

Bul múnásibet dıqqat, sana-sezimler, qızıǵıwshılıq hám shıdamlılıq, shaxstıń tutqan jolında kórinedi. Tálim procesi, áwele, oqıwshılar dıqqatın jolǵa salıwdı talap etedi. Sabaqlarda kórgizbeli qurallar, texnikalıq qurallardan paydalanıw tálim alıwshınıń da sabırsız dıqqatın júzege keltiredi.

Tálim procesinde tálim beriwshiniń wazıypası sabaqta isley alatuǵın jaǵdaydı júzege keltiriw ǵana emes, al, oqıwshılardıń sabaqta ótiletuǵın materiallardı qabıl etiwge tayın turıwların baqlaw bolıp tabıladı.

Sabaq procesinde oqıwshılardıń dıqqatı ózgerip turadı. Oqıtıw procesinde bul nızamshılıqlardı názerde tutıw hám oqıwshılar dıqqatın materialdıń tiykarǵı táreplerine qosıw hám de olardı tákirarlaw kerek.

Tálim procesiniń natiyjeliligi kóbinese oqıtıwshı tárepinen beriletuǵın kórsetpelerge de baylanıslı. Oqıtıwshınıń roli sonnan ibarat, ol oqıwshılarǵa tiyisli ustanovkanı payda etiwi, neni waqtınsha, neni ómirlik este alıp qalıw kerekligi, neni pútkilley este alıp qalmastan, tek túsinip alıw jetkilikli ekenligi, neni sózbe-sóz este saqlap qalıw, neniń mánisin óz sózleri menen aytıp beriw ushın este saqlap qalıw zárúr ekenligin kórsetip ótiwi kerek.

Oqıtıwdıń emocionallıǵı tálimniń jetiskenligin támiyinleytuǵın faktorlardan biri bolıp tabıladı. Tálim beriw procesi emocional process. Eger oqıwshılarǵa berilip atırǵan informaciya olarda hesh qanday sezim oyatpasa, onı oqıwshılar este jaqsı saqlap qalmaydı. Gáp oqıwshılardıń psixikalıq jaǵdayları, yaǵnıy olardıń arnawlı bir waqıttaǵı keshirmeleri haqqında da barıwı kerek. Olardaǵı quwanıshlı, optimistik keypiyat oqıw aktivliginiń nátiyjeliligin asıradı. Oqıwshılar emocional ruhtaǵı materialdı tez ózlestirip aladı. Qızıǵıwshılıq arqalı oqıwshılarda tálimge hám kritikalıq pikirlewge bolǵan jedellilik kórinedi.

Psixologiyada qızıǵıwshılıq shaxstıń ózi ushın qımbatlı yamasa jaǵımlı bolǵan arnawlı bir zat yamasa hádiyselerge múnásibeti bolıp tabıladı. Qızıǵıwshılıqlar shaxstıń zárúrli hám individual qásiyetlerinen biri bolıp esaplanadı.

Qızıǵıwshılıq oqıwshılar turmısında úlken rol oynaydı. Olar oqıw aktivligin aktivlestiriwshi tiykarǵı túrtkiler – motivler bolıp tabıladı.

Qızıǵıwshılıq mektep oqıwshısına pán tiykarların durıs ózlestirip alıwı, qábiletleriniń ósiwi, bilimniń keńeyiwine múmkinshilik beredi. Oqıtıwshılardıń wazıypası oqıwshını qızıqtırǵan jumıstıń ózi menen shuǵıllanıwǵa májbúrlew emes, bálkim ondaǵı qızıǵıwshılıqlardı tereńlestiriw hám keńeytiw, tásirli qılıw, qızıǵıwshılıqlardıń orayına aylanıp qalǵan iskerlik penen shuǵıllanıwdı qálewine aylandırıw bolıp tabıladı.

Tálim procesinde oqıw materialına bolǵan dıqqattıń turaqlılıǵı, shıdamlılıqqa kúsh salıwdıń áhmiyeti oǵada úlken. Oqıwshıda mektep hám úyde ótkeriletuǵın shınıǵıwlarǵa tayın turıw, oqıw materialın úyreniw, eslep qalıw shıdamlılıqtı talap etedi. Shıdamlılıq oqıwshılardıń kritikalıq pikirlew iskerlikleri – máseleni sheshiw, qoyılǵan sorawǵa jawap tabıwǵa umtılıwlarında kórinedi. Olar oqıwshılarda kónlikpe hám ilimiy tájriybelerdi qollanıwda da paydalanıladı. Ulıwma orta bilim beriw mektebi sharayatında alıp barılǵan baqlawlarımızda oqıwshılar tárepinen berilgen materiallardıń ózlestiriliwi kóbinshe shıdamlılıqdıń tárbiyalanıwına baylanıslı ekenligi anıqlandı.

Sonıń ushın biz tómende baslawısh klass oqıwshılarınıń oqıw aktivligi procesinde psixologiyalıq rawajlanıwǵa tiyisli shınıǵıwlardan ayırımların usınıs etemiz.

**«Pikirdi basqa sózler menen jetkeriw»**

Quramalı bolmaǵan gáp alınadı, maselen, «Bıyılǵı jılı jaz júdá ıssı boladı». Sol pikirdi bir qansha variantta basqa sózler menen ańlatıw talap qalınadı. Sonıń menen birge usı sózler basqa gáplerde qatnaspawı kerek. Gáptiń mánisi ózgerip ketpewin baqlap turıw kerek. Kimde-kim soǵan uqsas basqa variantlardan kóbirek aytsa, sol jeńimpaz esaplanadi. Bul jerde oqıwshılarda kritikalıq

pikirlewdi rawajlandırıw ushın kritikalıq pikirlew qásiyetlerin qáliplestiriw zárúr boladı.

Baslawısh klass oqıwshılarında kritikalıq pikirlewdi jetilistiriwde bilim beriwdiń bir neshe aktiv formalarınan paydalanıw múmkin, biraq, bilim beriwdiń «jup bolıp islew», «toparlarda islew» yamasa «jámáátlik usılı» sıyaqlı shólkemlestiriwshilik formaları ele de jaqsıraq nátiyje beretuǵınlıǵı dálillengen.

**Interaktiv sabaqlarda kóbirek tómendegi máselelerge itibar qaratıladı:**

-Tema boyınsha oqıwshılarda óz betinshe pikirlew, juwmaqqa keliw, olardı bayan etiw, qorǵawǵa úyretiw kónlikpelerin rawajlandırıw maqset etip qoyıladı.

-Oqıtıwshı kóbirek oqıwshılardıń óz betinshe jumısların hám prezentaciyaların shólkemlestiriw, basqarıw, qadaǵalaw, sońǵı juwmaqların dálillep beriw wazıypaların orınlaydı.

-Sabaqqa tayarlanıw waqtında interaktiv sabaq islenbesi, óz betinshe jumıslar ushın tapsırmalar, tarqatpa materiallar, basqa da kerekli qurallardı aldın-ala tayarlaydı.

-Bunday sabaqlarda sabaq waqtınıń kóp bólimi oqıwshılardıń óz betinshe tapsırmalardı orınlawı, pikir almasıwı, ózleriniń sheshimlerin bayan etiwi hám qorǵawǵa sarıplanadı.

-Sabaq waqtında tiykarınan kishi lekciya, topar yaki jup bolıp islew, prezentaciyalar, báseki-tartıs, dóńgelek stol sáwbeti, ámeliy jumıslar h.b. shınıǵıwlar alıp barıladı.

-Oqıwshılar sabaqta oqıtıwshı bergen tapsırmalardı orınlaw boyınsha óz betinshe erkin pikirlew, óziniń pikir hám sheshimlerin basqalarǵa salıstırıw, dáliller keltiriw hám sońǵı juwmaqqa keliw, jumısların prezentaciya qılıw sıyaqlı wazıypalardı orınlaydı.

Juwmaqlap aytqanımızda sabaq barısında baslawısh klass oqıwshılarınń kritikalıq pikirlewin rawajlandırıw maqsetinde joqarıda kósetilgen interaktiv metodlardan qollanılıp sabaq alıp barılsa, biz álbette aldımızǵa qoyǵan maqsetke erisken bolar edik. Hár bir oqıtıwshı ózi oqıtatuǵın pánindе bilim alıwshılar pikirin inabatqa alsa álbette óz pikirine iye, tereń pikirlewshi jaslar tárbiyalanıp shıǵıwına isenemiz.

**Ádebiyatlar**


1. Abdinazimov Sh. Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı 1-bólim 2-klass ushin sabaqlıq. –Tashkent: Respublika bilimlendiriw orayı, 2021. – 120 b.

2. Abdinazimov Sh. Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı 2-bólim 2-klass ushin sabaqlıq. 120-b.

3. Babasheva G.B. Boshlang`ich sinf ona tili ta’limida o‘quvchilarning o‘quv-biluv motivatsiyasini kompleks tako-millashtirish (Qoraqalpog‘iston Respublikasi misolida). O‘quv qo‘llanma. 120-b.

4. Babasheva.G.B. Boshlang‘ich sinf o‘quvchilarining ijodiy fikrlash jarayoniga psixologik va pedagogik yondashuvlar. // «Ilim hámjámiyet» 2020, №1, 114-115-b.

5. Бакиева Ҳ. Бошланғич синф ўқувчиларида мустақил таълим орқали нутқ ва тафаккурни ривожлантириш методикаси. Пед. фан.докт. (PhD)…дисс. автореф. – Самарқанд, 2020. 20-б.

6. Бошланғич таълим концепцияси. // Бошланғич таълим. 1998. №6. 12-18- б.

7. Жумашева Г.Х. Баслаўыш классларда оқыўшылардың сөйлеў тилин өсириўдиң метод ҳәм усыллары. // «Илим ҳәм жәмийет», 2018. №2. 65-66-б.

8. Goziyev E.E. Tafakkur psixologiyasi. – T.: «O‘qituvchi», 1990. 306–307-b.

9. Uspanova J., Abdijabbarova X. Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı. 2-bólim. 3-klass ushın sabaqlıq. – Tashkent: Respublika bilimlendiriw orayı, 2022. 144-b.



**REZYUME.** Ushbu maqolada boshlang'ich sinf o'quvchilarida tanqidiy fikrlashni rivojlantirishning asosiy shakllari ko'rib chiqiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматриваются основные формы развития критического мышления у учащихся начальных классов.

**SUMMARY.** This article examines the main forms of developing critical thinking in primary school students.


## RAQAMLI TA’LIM MUHITIDA AXBOROT TEXNOLOGIYALARIDAN FOYDALANGAN HOLDA TA’LIM SIFATINI OSHIRISH


**J.Baltabaev** – *tayanch doktorant*

*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*



**Tayanch so‘zlar:** interaktiv vositalar, elektron ta’lim, informatika, innovatsiya, raqamlashtirish, chat platformalari, multimediya, avtomatik baholash, onlayn platforma.

**Ключевые слова:** интерактивные инструменты, электронное обучение, информатика, инновации, электроника, оцифровка, чат-платформы, мультимедиа, автоматическое оценивание, онлайн-платформа.

**Key words:** interactive tools, e-learning, informatics, innovation, electronicization, digitization, chat platforms, multimedia, automatic assessment, online platform.


**Kirish.** Raqamli ta’lim muhitida axborot texnologiyalaridan foydalanish zamonaviy ta’lim jarayonining ajralmas qismiga aylangan. Axborot texnologiyalari ta’lim jarayonining interaktivligini oshirib, o‘quvchilarning bilim olish samaradorligini yuksaltiradi. Zamonaviy texnologiyalarni joriy etish orqali talabalarning bilim olish jarayonini takomillashtirish, interaktiv o‘qitish usullarini rivojlantirish va o‘qituvchilarning ish samaradorligini oshirish imkoniyatlarini yaratadi.